



Pou Piblikasyon Imedya: 19/06/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ENTANSYON POU YO DEPOZE YON PWOSE  
ATRAVÈ PLIZYÈ AJANS KONT ADMINISTRASYON TRUMP LAN POU  
VYOLASYON DWA KONSTITISYONÈL TIMOUN AK FANMI**

***Aksyon Gouvènè a Vini Apre Detansyon Timoun nan Long Island***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a Eta New York gen entansyon pou li depoze yon pwosè atravè plizyè ajans kont Administrasyon Trump lan pou rezon kote gouvènman federal la ap vyole dwa Konstitisyonèl plizyè milye timoun ak paran imigran yo te separe sou fwontyè a. Kounye a nou okouran de plis pase 70 timoun ki chita nanabri federal nan Eta New York epi nou atann pou chif sa a ogmante pandan n ap kontakte lòt etablisman. Gouvènè a ap mande Biwo Pou Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance), Depatman Sante (Department of Health) ak Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi yo (Office of Children and Family Services) pou kòmanse aksyon legal kont politik “Separasyon Fanmi” gouvènman an. Alaswit tretman sanpitye ak inimen fanmi imigran resevwa sou fwontyè a, New York ap antre an pwosè pou pwoteje sante ak byennèt timoun yo kenbe nan omwen 10 diferan sant atravè eta a ak lòt atravè nasyon an.

“Politik Administrasyon Trump la kote y ap separe fanmi yo se yon echèk moral ak yon trajedi imen”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou pap tolere gouvènman federal la lè l ap vyole dwa Konstitisyonèl timoun ak paran yo. New York pral aji ak antre an pwosè pou mete fen ak atak sanpitye ak delibere kont kominote imigran yo, epi fini politik sanpitye sa yon fwa pout tout.”

Gouvènè a te anonse New York gen entansyon antre an pwosè kont gouvènman federal la pou:

**Vyolasyon Dwa Konstitisyonèl Timoun ak Fanmi yo**

Y ap separe paran ak timoun yo nan fwontyè a kòm konsekans nouvo pozisyon “zewo tolerans” Administrasyon Trump lan pou yo fè pouswit an jistis pou infraksyon minè kote yon moun antre nan peyi nan fason inapwopriye. Nan ansyen administrasyon yo, fanmi ki parèt ak timoun sou fwontyè, yo trete yo ansanm epi yo lage yo ak yon dat pou yo parèt devan tribinal. Kounye a, paran, anpil nan yo ki ap chache pwoteje timoun yo ak fanmi yo kont vyolans ganng, yo ap detni yo sistematikman, separe yo ak timoun yo, epi, nan kèk ka, depòte yo san pyès opòtinite serye pou patisipe nan pran desizyon konsènan swen ak gad timoun yo. Men paran sa yo toujou gen kèk dwa anba

Konstitisyon Etazini an nan kesyon entegrite familyal epi pou decide ekzèsè dwa paran yo nan Eta New York.

### **Vyolasyon Tèm Akò Flores**

Entant Akò Flores (Flores Settlement Agreement) nan ane 1997 te etabli estanda nasyonal nan sa ki konsène detansyon, liberasyon, ak tretman tout timoun nan detansyon imigrasyon epi bay priyorite a prensip inite fanmi. Li ekzije pou detni imigran jivenil libere soti nan gad san reta ki pa nesèsè, oubyen lè pyès plasman apwopriye pa disponib, yo kenbe yo omwen nan yon anviwònman ki gen mwens restriksyon ki apwopriye ak laj epi bezwen espesyal. Akò Flores nan fason eksplisit ekzije reyinifikasyon fanmi ak yon preferans ki klè pou gad la nan men yon paran, sa ki sipòte apèl New York pou mete fen ak politik “zewo tolerans lan”.

### **Politik Sanpitye Ki Baze Sou Doktrin Chokan Kondwit Gouvènman**

Lakou Siprèm te deklare “yon jou li ka fè fas a yon sitiyoasyon kote kondwit ajan lapolis vini tèlman chokan sa rann prensip dilijans rezonab totalman bloke gouvènman an pou li envoke pwosesis jidisyè pou jwenn yon kondanasyon”. Klèman jou sa a rive. Eta New York pral konteste politik “zewo tolerans” gouvènman federal la ki mennen a separasyon fanmi ak detansyon timoun yo ki inimen epi ki pa nesèsè epi ki pa sèvi pyès objektif lejitim sekirite nasyonal oubyen sekirite piblik.

Pi bonè jodi a, Gouvènè Cuomo te [pibliye](#) yon lèt ouvèt bay Vis-Prezidan Mike Pence kote li kondane politik “zewo tolerans” lan ak ankouraje gouvènman federal la pou mete fen a move tretman fanmi imigran nan fwontyè a.

Apèl Gouvènè a pou aksyon legal bati sou lansman nouvo inisyativ ak sèvis ak sipò ki ogmante pou Nouvo Ameriken atravè New York. An Janvyè, Gouvènè a te [anonse](#) aksyon pou pwoteje plizyè milye imigran kont desizyon prezidan Trump lan pou elimine Estati Pwoteksyon Tanporè (Temporary Protected Status) pou sitwayen El Salvadò, Ayiti, Nikaragwa, sa enkli mande Depatman Eta (Department of State) a pou ogmante resous ki disponib pou kominote yo atravè New York.

Nan dat 8 Jen, Gouvènè a te [pibliye](#) yon lèt bay Enspektè Enterimè Depatman Sekirite Enteryè (Department of Homeland Security) Jeneral John Kelly kote li mande yon ankèt sou kondwit ajan Sèvis Imigrasyon ak Dwàn (Immigration and Customs Enforcement), epi nan Dimanch, 17 Jen, Gouvènè a ankò [te mande](#) Depatman Sekirite Enteryè pou mennen ankèt sou tretman fanmi imigran yo sou fwontyè a. Lendi, 18 Jen, Gouvènè a te [deklare](#) Eta New York pa pral deplwaye Gad Nasyonal (National Guard) sou fwontyè a epi li pa pral apiye tretman inimen gouvènman federal la ap bay fanmi imigran yo.

### **Pwojè Defans Libète (Liberty Defense Project, LDP)**

Nouvo apèl pou aksyon sa kontinye ak efò global administrasyon sa a pou pwoteje dwa imigran, sa enkli, [Pwojè Defans Libète](#) Gouvènè Cuomo te kreye an 2017. Yo te kreye LDP a kòm repons a politik ostil federal yo epi li se premye pwojè konsa nan peyi a ki sou direksyon eta a pou yo ede imigran yo - kèlkeswa estati imigrasyon yo - pou yo ka jwenn aksè a sèvis ak pwosesis legal yo. Pwojè Defans Libète a ofri sèvis legal esansyèl sou defans depòtasyon, reprezantasyon dirèk, konsiltasyon, asistans pou

aplikasyon yo ak plis ankò. Biwo pou Nouvo Ameriken Eta a ap jere Pwojè Defans Libète a epi yo ap dirije l an patenarya ak kabinè jiridik, asosiyasyon legal, òganizasyon defans yo, inivèsite yo, gran inivèsite yo ak asosiyasyon bawo atravè eta a yo.

Depi mwa Jiyè 2017, Pwojè Defans Libète a te deja ofri plis pase 10,000 sèvis gratis konfidansyèl pou moun ki bezwen asistans legal atravè rezo li a ki gen 47 gwoup ki baze nan kominote.

## **Y ap Pwolonje Dèlè Aplikasyon Pou Inisyativ NaturalizeNY**

Nan kad efò Gouvènè a pou ede imigran ak popilasyon minoritè yo patisipe konplètman nan lavi sivik ak ekonomik New York, NaturalizeNY ede imigran ki gen revni fèb pou yo akeri sitwayènte Ameriken. Se premye biwo sevis imigran ki kreye dapre lalwa nan nasyon an, NaturalizeNY administre epi sipòte pa Biwo pou Nouvo Ameriken (Office for New Americans, ONA) Gouvènè Cuomo a an patenarya ak Robin Hood, New York Community Trust, Laboratwa Politik Imigrasyon (Immigration Policy Lab) Stanford University, ansanm ak fakilte ki nan SUNY Albany ak George Mason University.

Imigran ki kalifye yo kapab anrejistre epi antre nan yon lotri pou yon koupan ki pou kouvri 725 dola frè aplikasyon natiralizasyon an. Aplikan yo ka aplike sou entènèt nan [NaturalizeNY.org](http://NaturalizeNY.org), apati Liy Asistans pou Nouvo Ameriken yo nan 800-566-7636 oswa lè yo vizite yon Sant Opòtinite ONA. Peryòd enskripsyon an te kòmanse 1ye Me epi yo te pwolonje li soti nan dat orijinal fen li ki te 15 Jen pou ale nan 3 Jiyè 2018.

Depi Gouvènè Cuomo te etabli Biwo pou Nouvo Ameriken (Office of New Americans) yo an 2013, plis pase 200,000 Nouvo Ameriken te resevwa asistans pou adrese pwosesis natiralizasyon an, kòmanse ak devlope pwòp antrepriz pa yo, aprann Anglè, ak vini fè pati fabrik kiltirèl divèsifye New York la. Pami sa yo:

- 19,543 te pou Natiralizasyon ak aplikasyon ak referans pou benefisyè Aksyon Difere pou Timoun ki Vini Depi Piti yo (Deferred Action for Childhood Arrivals, DACA);
- 34,938 te patisipe nan kou anglè kòm dezyèm lang (English as a Second Language, ESOL) atravè eta a yo;
- 4,986 te patisipe nan kou sou espri antreprenarya atravè New York;
- 500 te diplome avèk omwen 20 èdtan kou anglè via Cell-Ed, ki se yon sistèm pou moun ki gen difikilte ale nan kou yo pou yo aprann anglè nan telefòn; epi
- 1,540 ki angaje aktivman nan Cell-Ed toupatou atravè eta a.

Anplis de asistans dirèk gratis yo bay moun, Biwo pou Nouvo Ameriken te mennen plis pase 6,000 seminè ak rankont pou edike Nouyòkè yo sou kijan pou moun aplike pou yon paspò, kijan pou yo aplike pou inivèsite, kisa pou yo fè si/lè ofisye imigrasyon yo vini lakay yo, ki opsyon ki disponib pou viktim vyolans domestik yo, ak plis ankò.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)